

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Basa minangka salah satunggaling pirantos ingkang wigati sanget wonten ing pagesanganing masarakat. Basa dipunginakaken kangge pirantos komunikasi tiyang kathah. Peran basa inggih menika kangge ngandharaken gagasan raos pangraos dhateng priyantun sanes. Panganggening basa antawisipun masarakat setunggal saha sanesipun menika beda gumantung kalihan tlatahipun.

Basa ingkang dipunginakaken wonten ing tlatah setunggal kalihan basa ingkang dipunginakaken wonten tlatah sanesipun gadhah sesambetan ingkang rumaket. Rumaketing sesambetan antawisipun basa setunggal saha sanesipun saged dipuntingali saking panganggening tetembunganipun. Tuladhanipun inggih menika sesambetan antawisipun basa Jawi saha basa Bali.

Basa Jawi minangka basa ingkang dipunginakaken kangge wawan rembag masarakat wonten ing tlatah Jawi. Dene basa Bali, basa ingkang dipunginakaken kangge wawan rembag wonten ing masarakat tlatah Bali. Sanajan basa Jawi ingkang kaginakaken wonten ing masarakat tlatah Jawi saha basa Bali wonten ing tlatah Bali, nanging kalih basa menika ngemu tetembungan ingkang sami.

Panganggening tetembungan basa Jawi saha basa Bali menika wonten tembung ingkang wujud, pangucapanipun, saha teges ingkang sami. Wonten ugi tembung ingkang wujud saha pangucapanipun beda ananging

tegesipun sami. Tetembungan saking basa Jawi kalihan basa Bali ingkang ngemu pangucapan, wujud, saha teges ingkang sami menika kawastanan tetembungan ingkang ngemu korespondensi. Kangge manggihaken tembung-tembung ingkang ngemu korespondensi menika kanthi cara nandhingaken tembung-tembung basa Jawi kalihan basa Bali ingkang mirib anggenipun nglesanaken.

Tembung-tembung ingkang mirib saha berkorespondensi menika ingkang dados dhasar kangge nemtokaken kekerabatan-ipun. Korespondensi saking tembung-tembung ingkang mirib menika saged dipunpangguhaken wonten ing kamus. Saking andharan menika saged dipunwastani bilih basa Jawi saha basa Bali menika setunggal krabat.

Kekerabatan basa Jawi saha basa Bali saged dipuntingali saking tetembungan ngandhap menika. Tembung saking basa Jawi awu (Prawiroatmodjo, 1981: 21) ingkang gadhah teges ‘abu’ kalihan tembung abu (Warna, 1978: 26) saking basa Bali ingkang ngemu korespondensi. Titikan wontenipun korespondensi menika ketingal bilih panganggening konsonan /w/ ing tembung awu wonten basa Jawi saha panganggening konsonan /b/ ing tembung abu wonten basa Bali. Andharan menika nedahaken bilih konsonan /w/ wonten basa Jawi berkorespondensi kalihan konsonan /b/ wonten basa Bali. Korespondensi menika mapan wonten ing tengahing tembung. Tegesipun kalih tembung menika sami “abu”. Saking andharan menika panaliti badhe nliti bab korespondensi saha kekerabatan-ipun basa Jawi kalihan basa Bali. Gayut kalihan bab menika, panaliti badhe nliti sesambetan

antawisipun basa Jawi kalihan basa Bali kanthi irah-irahan “Kekerabatan Basa Jawi saha Basa Bali Adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali”.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten, perkawis ingkang saged dipunpendhet kados wonten ngandhap menika.

1. Korespondensi swanten saha teges basa Jawi kalihan basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali.
2. Daya pangaribawa wonten ing korespondensi swanten tumrap priyantun Jawi saha priyantun Bali.
3. Prosentase kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali.

C. Watesaning Perkawis

Adhedhasar underaning perkawis wonten nginggil, saged dipunpendhet watesanipun ingih menika:

1. korespondensi swanten saha teges basa Jawi kalihan basa Bali kanthi nandhingaken tetembungan basa Jawi saha basa Bali,
2. prosentase kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis wonten nginggil, wosing perkawis saged kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. Kados pundi korespondensi swanten saha teges antawisipun basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali?
2. Sepinten prosentase kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis wonten ing nginggil, ancasing panaliten saged kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. Ngandharaken korespondensi swanten saha teges antawisipun basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali.
2. Ngandharaken prosentase kekerabatan basa Jawi saha basa Bali adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali.

F. Paedahing Panaliten

Wonten panaliten menika kaangkah priyantun Jawi saha priyantun Bali mangertos tembung-tembung ingkang sami saha beda. Kanthi mangertos tembung ingkang sami saha beda menika priyantun Jawi saged mangertos menapa ingkang dipunngendikakaken priyantun Bali. Semanten ugi priyantun Bali saged mangertos menapa ingkang dipunngendikakaken priyantun Jawi, saengga saged nggampilaken komunikasi wonten ing pasrawungan priyantun Jawi saha priyantun Bali.

G. Pangertosan

Saking panaliten menika saged kaandharaken bilih pangertosan ingkang gayut kalihan irah-irahan “Kekerabatan Basa Jawi saha Basa Bali

adhedhasar Bausastra Jawa saha Kamus Basa Bali” kaandharaken wonten ngandhap.

1. Kekerabatan Basa

Basa setunggal saha basa sanesipun menika taksih wonten gayutipun, amargi basa menika gadhah basa induk ingkang taksih sakrabat. Dipunwastani sakrabat menika titikanipun wonten ing tembung-tembung ingkang mirib. Perkawis ingkang mirib menika awujud fonem vokal saha konsonan. Vokal saha konsonan ingkang nedahaken basa sakrabat menika mawarni-warni ingkang mapanipun saged wonten ing wiwitan, tengah, saha pungkasan tembung.

2. Basa Jawi

Basa Jawi dipunginakaken kangge pirantos pasrawungan ingkang wujudipun rerangkening tembung. Tembung-tembung basa Jawi ing antawisipun saged dipuntingali saking Bausastra Jawa anggitanipun S. Prawiroatmodjo taun 1981 ingkang dipuncithak dening Gunung Agung Jakarta.

3. Basa Bali

Basa Bali dipunginakaken kangge pirantos pasrawungan ingkang wujudipun rerangkening tembung. Tembung-tembung basa Bali ing antawisipun saged dipuntingali saking Kamus Bali-Indonesia anggitanipun panitia penyusun Kamus Basa Bali ingkang dipunpangarsani dening Drs. I

Wayan Warna taun 1978, ingkang dipuncithak dening Dinas Pengajaran
Propinsi Daerah Tingkat I Bali.